
Vyolans domestik ak fason pou jwenn èd

Pa: Enstiti pou Refòm Lwa nan Massachusetts

Revize: Avril 2025

"Vyolans domestik" se lè yon manm fanmi oswa yon patnè entim abize yon lòt manm fanmi, yon manm nan kay la, oswa yon patnè entim. Gen anpil diferan fòm abi. Lalwa Massachusetts yo jeneral defini vyolans domestik oswa abi kòm lè yon moun:

- fè ou mal fizikman,
- ap eseye fè ou mal fizikman,
- fè w pè ke gwo mal fizik pral rive w,
- menase w, fè presyon sou ou, oswa fòse w fè sèks, oswa
- egzèse **kontwòl avèk presyon** sou ou (**gade anba a**).

Patnè entim ou a kapab yon moun ou soti avè l oswa ou te konn soti avè l, yon moun ou marye avè l, yon moun ou gen timoun avè l, elatriye.

Enpòtan:

Rele 911 si w an danje kounye a.

Si ou pa an danje imedya, ou ka rele **SafeLink** nan **1-877-785-2020**.

Gade **plis resous** nan fen atik sa a.

Kisa Vyolans Domestik ye?

Èske abi a dwe fizik, tankou frape oswa bay pwen?

Vyolans domestik pa limite a abi fizik sèlman. Abi gen ladan I plizyè fason patnè w, oswa fanmi w, oswa yon manm lakay ou ka itilize pou kontwole w oswa pran pouvwa sou ou. Pa egzanp:

- **Abi fizik:** pouse, bourade, frape, mòde, bay yon moun kout pye, voye bagay sou yon moun, itilize yon zam, fòse moun fè sèks oswa touche I, vyòl, toufe I;
- **Izòlman:** anpeche w wè moun; kontwole moun ou wè ak moun ou pale avèk yo; vle kontwole ki kote ou ye tout tan;
- **Abi emosyonèl:** joure w; rabese w; jwe jwèt mantal; imilye w an piblik;
- **Abi ekonomik:** pran lajan w; fè w mande lajan; kontwole tout lajan an;
- **Abi seksyèl:** trete w tankou yon objè seksyèl; fòse w fè sèks oswa fè kèk bagay seksyèl lè ou pa vle;
- **Itilizasyon timoun:** itilize tan paran yo oswa vizit yo kòm yon fason pou asele w; fòse timoun yo pou yo jwenn enfòmasyon sou ou; joure w devan timoun yo;
- **Menas:** di yo pral pran timoun yo; yo di ou p ap janm wè timoun yo ankò; yo menase pou yo fè w mal; yo menase pou yo denonse w bay DTA oswa DCF; yo menase pou yo fè fanmi w mal; yo menase pou yo fè tèt yo mal;
- **Ensiste pou w kapab yon responsab:** trete w tankou yon sèvitè; pran gwo desizyon;
- **Entimidasyon:** itilizasyon rega, fè bêt domestik yo mal, detwi byen prive w.
- **Kontwòl ak presyon:** swa atravè yon sèl aksyon oswa yon modèl konpòtman ki gen entansyon pou menase, entimide, asele, izole oswa kontwole w.

Kontwòl ak presyon

Aksyon endividyièl ki kalifye kòm kontwòl ak presyon:

- fè w mal oswa eseye fè pitit ou mal oswa yon fanmi w;
- maltrete oswa eseye maltrete yon bêt ki gen rapò avè w;

-
- pibliye oswa eseye pibliye imaj ou ki gen karaktè seksyèlman eksplisit.

Yon modèl kontwòl ak presyon se yon konpòtman ki gen entansyon pou menase, entimide w, asele, izole oswa kontwole w nan yon fason ki fè w pè yon fason rezonab pou sekirite fizik ou oswa limite kapasite w pou w pran pwòp desizyon w yo. Men kèk egzanp aksyon ki kapab fè pati yon modèl "kontwòl ak presyon":

- Izole w de zanmi w oswa fanmi w;
- Retire aksè ou w nan bezwen debaz yo;
- Siveye w ak itilizasyon teknoloji;
- Fòse w fè oswa pa fè yon bagay kont volonte w, tankou fòse w patisipe nan aktivite kriminèl;
- Menase pou fè yon manm fanmi w mal;
- Menase pou fè yon bêt ki konekte ak ou oswa fanmi w mal;
- Domaje byen prive w volontèman;
- Menase pou pibliye enfòmasyon prive sou ou menm oswa fanmi w, tankou materyèl ki eksplisitman seksyèlman;
- Depoze aksyon nan tribunal plizyè fwa ki enplike w, ke yon tribunal te twouve ki de movèz fwa.

"**Wou Pouwwa ak Kontwòl**" la ak "**Wou Egalite**" a ki te pwodwi pa Pwogram Entèvansyon Abi Duluth yo ba w plis egzanp sou konpòtman ki abizif ak konpòtman ki pa abizif. Egzanp sou wou sa yo kapab ede w reflechi sou sitiayson w lan.

<https://www.theduluthmodel.org/wheel-gallery/>

Mwen santi m tèlman poukont mwen. Èske gen anpil moun ki nan sitiayson sa a?

Nenpòt moun ka sibi vyalans domestik. Vyalans domestik afekte moun tout laj, tout sèks, ak tout oryantasyon seksyèl. Vyalans domestik se yon menas grav pou sante

piblik. Chak ane, gen plizyè milye moun ki viktim abi nan men patnè yo, ansyen patnè yo, oswa lòt manm fanmi yo.

Èske vyolans domestik se yon krim?

Gen kèk fòm vyolans domestik ki se krim. Pa egzanp, vyolans fizik ak sèks fòse se krim. Se yon krim tou si patnè w la menase pou li itilize fòs fizik kont ou oswa pitit ou yo, si l ap swiv ou, oswa si l ap distribye imaj seksyèlman eksplisit ou yo. Yo kapab konsidere lòt fòm vyolans domestik yo tou kòm krim.

Èske yon jij ka bay lòd pou kanpe vyolans lan?

Ou ka ale nan tribinal pou mande òdonans pou pwoteje w kont lòt domaj. Pafwa yo rele òdonans tribinal sa yo "Òdonans pou Prevansyon Abi", "òdonans restriktif" ak "òdonans pwoteksyon." Yo bay pifò nan òdonans sa yo selon otorite Chapit 209A nan Lwa Jeneral Massachusetts yo, epi pafwa yo rele òdonans sa yo òdonans "209A".

Gade **Òdonans Restriktif 209A yo** pou aprann plis (an Anglè).

<https://www.masslegalhelp.org/domestic-abuse-crime-victims/209a-restraining-orders>

E si mwen gen laperèz pou timoun mwen yo pa sibi abi?

Men kèk kalite abi sou timoun:

- fè yon timoun temwen vyolans domestik,
- agresyon seksyèl sou yon timoun,
- abize de yon timoun vèbalmans, oswa
- atake yon timoun fizikman.

Gen kèk fòm abi sou timoun ki se krim. Gade **Plent Kriminèl** (an Anglè) pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou deklare krim. <https://www.masslegalhelp.org/domestic-abuse-crime-victims/criminal-complaints-domestic-violence>

Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) la kapab enplike tou avèk fanmi w si gen enkyetid konsènan pwoteksyon timoun ou yo. "Rapòtè obligatwa" yo se moun ki gen responsabilite pou depoze yon rapò bay DCF si yo panse yon swanyan te fè timoun mal oswa si timoun yo te temwen paran yo k ap sibi abi. Gade a **Seksyon Depatman Timoun ak Fanmi an** pou jwenn plis enfòmasyon sou sa. (an Anglè, <https://www.masslegalhelp.org/dcf>)

Si ou panse ou kapab bezwen yon òdonans restriktif pou pwoteje timoun ou yo kont abi, gade **Kijan yon Òdonans Restriktif 209A ka pwoteje timoun mwen an?** (an Anglè, <https://www.masslegalhelp.org/domestic-abuse-crime-victims/209a-restraining-orders/what-can-209a-restraining-order-do>).

Aprann sou **fason pou kenbe timoun ou yo san danje pandan moman parantal la** oswa vizit avèk paran abizif la (an Anglè, <https://www.masslegalhelp.org/domestic-abuse-crime-victims/dv-families/custody-and-parenting-time-when-there-domestic-violence>).

Kijan m ka jwenn èd pou m kanpe vyolans lan?

Pale ak yon moun

Si ou kapab, pale ak yon moun sou sa pou fè pou kanpe abi a, pou pwoteje timoun ou yo, oswa fason pou kite yon relasyon abizif ki san danje.

Gade enfòmasyon yo sou **paj Jwenn Asistans Jane Doe, Inc.**, ki gen ladan yon repètwa sou pwogram vyolans domestik Massachusetts yo ak yon kat ki ka telechaje. (an Anglè, https://www.janedoe.org/find_help/)

Gade paj eta a tou sou **"Resous Tribunal pou Sekirite ak Sipò."** Li gen lis pwogram ki ka ede ak vyolans domestik, agresyon seksyèl, dosye kriminèl, timoun ak bèt domestik. (<https://www.mass.gov/lists/court-resources-for-safety-and-support>)

Ou kapab rele tou **SafeLink**, yon liy asistans miltileng ki disponib 24 èdtan pa jou nan tout eta a, pou pale ak yon defansè. Li gratis epi konfidansyèl. Defansè yo toujou disponib pou koute. Ou ka rele yo jis pou pale sou sitiyasyon w lan, menm si ou poko prè pou pran nenpòt etap pou kite yon relasyon. SafeLink konekte moun tou ak kabann abri ki disponib nan eta a epi li ede ak planifikasyon sekirite.

- 1-877-785-2020

-
- TTY: Rele 711, epi mande pou yo konekte w ak liy asistans lan (1-877-785-2020).

Fè yon plan

Yon Plan Sekirite Pèsonalize ede w reflechi alavans sou bagay tankou:

- Sa ou ka fè pou pwoteje tèt ou lè lòt moun nan vin vyolan.
- Fason pou ale byen vit epi ki kote ou ka ale.
- Si w ap viv yon fason separe ak patnè w la, fason pou w pwoteje tèt ou si yo eseye jwenn ou.
- Fason pou rete an sekirite nan travay, lekòl, an piblik; epi
- Fason pou itilize tribinal yo pou ede w rete an sekirite.

Al gade yon **egzanp Plan Sekirite Pèsonalize** ou ka itilize nan fen atik sa a.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Plan Sekirite yo nan **Liy Asistans Nasyonal sou Vyolans Domestik** (an Anglè). <https://www.thehotline.org/plan-for-safety/create-your-personal-safety-plan/>

Jwenn konsèy legal

Ou ka jwenn konsèy legal gratis. Vizite [la Jwenn Resous Legal nan Massachusetts](#)(sit entènèt an Anglè ak an Espanyòl, <https://masslrf.org>).

Chèche konnen pwogram edikasyon pou patnè vyolan ou an

Nan yon dosye kriminèl, tribunal la ka mande pou patnè w la resevwa tretman nan yon "Pwogram Edikasyon pou Abi sou Patnè Entim" oswa pou resevwa tretman pou alkòl oswa dwòg.

Tout pwogram sa yo diferan. Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Massachusetts la gen yon pajwèb sou **Sèvis Pwogram Edikasyon pou Abi sou Patnè Entim** kote ou ka jwenn nimewo telefòn ak adrès pwogram yo ki nan zòn ou an.

<https://www.mass.gov/info-details/intimate-partner-abuse-education-program-services>

Si patnè w la nan yon pwogram, pwogram nan ka kontakte w. Ou pa oblige dakò ak okenn bagay yo sijere. Si patnè w la vyolan, sa vle di li gen yon pwoblèm epi li bezwen gen volonte pou chanje.

Aprann plis sou **Pwogram Edikasyon pou Abi sou Patnè Entim** (an Anglè, <https://www.masslegalhelp.org/domestic-abuse-crime-victims/209a-restraining-orders/what-certified-intimate-partner-abuse>).

Plis Resous

Ki moun pou rele pou jwenn èd pou vyolans domestik

Rele 911 si w an danje kounye a.

Si ou pa an danje imedya, ou ka kontakte:

- **Liy Asistans SafeLink sou Vyolans Domestik** nan 1-877-785-2020 (24/7, nan plizyè lang)
- **Liy Asistans Nasyonal sou Vyolans Domestik** nan 1-800-799-SAFE (7233), voye "START" pa mesaj tèks nan 88788 oswa **tchat sou entènèt** nan <https://www.thehotline.org/get-help/>

Gade **yon lis Jane Doe pou pwogram sou vyolans domestik Massachusetts la** (https://www.janedoe.org/find_help/) ak **resous tribunal la pou sekirite ak sipò** (<https://www.mass.gov/lists/court-resources-for-safety-and-support>).

Jwenn asistans pou aplike pou yon 209A

- Mande grefye tribunal la - anpil tribunal genyen defansè ki ka ede w ak dokiman ak pou vini nan yon odyans.
- **Sant Sèvis Tribunal yo** ka ede w ak papye yo. <https://www.mass.gov/orgs/court-service-centers>
- **Jwenn yon avoka** paj (an Anglè). <https://www.masslegalhelp.org/find-lawyer>

Konsènan MassLegalHelp

MassLegalHelp.org se yon sit entènèt ki gen enfòmasyon gratis epi pratik sou dwa legal ou yo nan Massachusetts. Se pwogram asistans legal, avoka, ak patnè kominotè nou yo ki ekri epi revize enfòmasyon nou yo.

Plan Sekirite Pèsonalize

Reflechi sou bagay sa yo alavans.

Pandan yon ensidan vyolan:

- .. Ki jan m ka soti lakay mwen si m bezwen?
 - .. Ki jan timoun yo ka rete an sekirite?
 - .. Èske yo ta dwe ale tou?
 Ki kote pou ale? (panse a 4 kote)
-
-
-
-

- .. Èske li fasil pou m pran kle machin mwen ak lajan m?
- .. Bay ki moun mwen ka kite plis lajan, kle machin, rad ak kopi dokiman?

Ki

lès: _____

- .. Mwen toujou genyen ti monnen ak nimewo telefòn avèk mwen.
- .. Èske gen yon moun (timoun, vwazen) ki konnen ki lè pou yo rele lapolis?

Ki

lès: _____

- .. Avèk ki moun mwen ka pale (vwazen an) sou vyolans lan epi mande pou yo rele lapolis si yo tande bri sispèk?

Ki

lès: _____

- .. Èske mwen te fè pratik ak pitit mwen yo (rele pou mande asistans, ale nan yon kote ki an sekirite)?
- .. Ki kote ki pi an sekirite nan kay la pandan yon diskisyon (Lwen zam oswa kote m ka vin pyeje)?

Ki

kote: _____

Sekirite si m gen tan pou m planifye pou m ale:

- .. Ki kote m ka ale? Pandan yon ti tan? Pandan yon tan ki pi long? Si sa nesesè, ki jan m ka rive la an sekrè, pou agresè m nan pa ka rive jwenn mwen? Èske m ka rete isit la, epi fè l ale?
- .. Èske gen yon moun ki ka vin rete avè m pandan yon ti tan?

Ki

lès: _____

- .. Mwen ka pran nouvèl yon moun regilyèman, epi diskite sou sa pou m fè si m pa rele.

Ki

lès: _____

- .. Mwen ka chanje kadna yo, ranfòse pòt ak fenèt yo, asire m ke detektè lafimen yo ap fonksyone, epi genyen limyè deyò.
- .. Mwen ka di (vwazen yo) ke agresè m nan p ap viv avèk mwen ankò epi mande yo pou rele lapolis si yo obsèye yo tou pre lakay mwen oswa tou pre timoun nou yo.

Ki

lès: _____

- .. Mwen ka kite nimewo ijans mwen yo kole akote telefòn mwen an.
- .. Mande lapolis pou fè patwouy -- pou fè plis patwouy bò lakay mwen.

Sekirite nan travay, nan lekòl, an piblik:

- .. Mwen ka pale ak manm fanmi, pwofesè, bebisité ak founisè gadri yo epi ba yo non moun ki genyen pèmisyon pou pase chèche timoun yo.
- .. Mwen ka pale (yon kòlèg travay) nan taravy la sou sitiyasyon m epi mande yo pou filtre apèl mwen yo. Mwen ka chanje orè mwen ak fason mwen vwayaje pou m al travay *Mwen fè komisyón yo.*
- .. Mwen ka panse ki kote pou m ale (kay yon zanmi, nan komisarya) si agresè mwen an swiv mwen.
- .. Mwen ka evite magazén, bank ak lòt kote mwen te konn ale lè m t ap viv ak agresè a.

Sekirite atravè òdonans tribinal:

- .. Mwen ka jwenn yon òdonans pwoteksyon nan Tribunal Distri a, Tribunal sou Siksesyon oswa Tribunal Siperyè a;
- .. Mwen ka kenbe yo avèk mwen tout tan; mwen ka kite yon kopi lakay mwen, nan machin mwen, nan lekòl timoun yo, nan travay epi avèk:

Ki

lès: _____

- .. Mwen ka rele lapolis si agresè mwen an vyole òdonans lan.

Sekirite lè m pran swen tèt mwen:

- .. Mwen ka rele (yon gwoup sipò, yon konseye; yon zanmi) lè m santi m deprime ak lè m ap panse pou m tounen nan yon sitiyasyon ki potansyèlman abizif.
- .. Mwen ka patisipe nan atelye travay, gwoup sipò epi ranfòse relasyon mwen ak lòt moun.
- .. Mwen ka dòmi ase, manje regilyèman, fè eggèsis epi rete an kontak ak moun ki ka ede m.

Gen lòt mezi mwen ka pran pou pwoteje tèt mwen ak pitit mwen yo:

Nan *Ki Kote Pou Mwen Ale Apati Isit La?* WMLS/AmeriCorps Chapit 1 Anèks **D1**

Dènye revizyon Avril 2025